

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun unsur objéktif, mimétik, jeung aspék sosial dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir*.

Hasil analisis objéktif tina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa, kapaluruh unsur intrinsikna nu ngawengku tema, galur, palaku jeung watek, latar, puseur implengan, jeung amanat. Galur dina ieu kumpulan carpon téh nyaéta opat carpon ngagunakeun galur maju, sarta salapan carpon ngagunakeun galur campuran. Palaku jeung watek nu aya dina ieu carpon béda-béda. Unggal carpon miboga palaku utama jeung palaku tambahan. Anapon pasipatanana leuwih réa palaku protagonis. Ari nu pasipatanana antagonis kapanggih dina dua carpon. Latar tempat nu kapaluruh dina carita sacara gurat badagna di antarana di pilemburan, di kota, sarta di sababaraha luar nagri. Latar waktu nu kapaluruh ogé béda-béda. Dina unggal carita nyampak latar waktu dina sapeuting, latar waktu dumasar lilana (durasi) sarta latar waktu séjénna. Latar sosial nu nyampak dina unggal carita pondok ngagambarkeun pakasaban tokoh utama dina carita sarta satuluyna ngambarkeun kelas économina. Sacara gurat badag, ieu carita pondok leuwih réa ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji. Juru catur aya dina carita sarta ngagunakeun kecap sulur *kuring*. Amanat nu bisa dicangking tina ieu carita téh béda-béda. Dina unggal carita, nyampak ajén inajén nu bisa méré pangaruh dina kasadaran ngeunaan bebeneran dina kahirupan.

Unsur mimétik kapaluruh dina sakabéh kumpulan carita pondok *Halis Pasir*. Sakabéh carita miboga unsur mimétik nu ngagambarkeun rupa-rupa kanyataan dina kahirupan sapopoé. Sacara gurat badag mimétik dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* nyaéta ngeunaan interaksi sosial nu paheut patalina jeung unggal kajadian sarta sagala aspék sosial nu karandapan dina kahirupan. Dina carita “*Halis Pasir*” nyampak réalitas tempat sarta réalitas sosial utamana di lingkungan kulawarga. Dina carita “*Goong téh Kaimpi Totos*” nyampak réalitas ékonomi sarta réalitas kasenian nu kungsi aya di basisir kalér. Dina carita “*Buah*” nyampak réalitas sosial di lingkungan masyarakat jeung kulawarga sarta réalitas ngaran tempat. Dina carita

“Nu Niruk Jajantung” nyampak réalitas sosial di lingkungan kulawarga. Dina carita “Rusiah” nyampak réalitas sosial di lingkungan kulawarga. Dina carita “Diantos di Sarayévo” nyampak réalitas sosial nu patali jeung kamanusaan sarta réalitas hiji tempat. Dina carita “Incok” nyampak réalitas kaséhatan. Dina carita “Nu Ngaraliwat” nyampak réalitas kaayaan alam sarta réalitas sosial nu patali jeung kapercayaan masyarakat. Dina carita “Si Bungsu” nyampak réalitas masalah kulawarga. Dina carita “Baju Pangantén Pulas Emas” nyampak réalitas kabudayaan urang Sunda ngeunaan hajat pamungkas. Dina carita “Surat” nyampak réalitas kaayaan nagara di mangsa nu geus kalarung. Dina carita “Salju dina Bulu Panon” nyampak réalitas ékonomi, sarta dina carita “Karémbong Srangéngé” nyampak réalitas sosial utamana dina pakasaban.

Aspék sosial nu dianalisis dina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* nu ngawengku 13 judul carpon diwincik jadi lima poin, di antarana aspék sosial agama, aspék sosial pendidikan, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik dan aspék sosial moral.

Aspék sosial agama kapaluruh dina carita “Halis Pasir”, “Goong téh Kaimpi Totos”, “Nu Niruk Jajantung”, “Rusiah”, “Incok”, “Si Bungsu”, jeung “Baju Pangantén Pulas Emas”. **Aspék sosial atikan** kapaluruh dina carita “Nu Niruk Jajantung”, “Rusiah”, “Salju dina Bulu Panon”, jeung “Baju Pangantén Pulas Emas”. **Aspék sosial ékonomi** kapaluruh dina carita “Halis Pasir”, “Goong téh Kaimpi Totos”, “Buah”, “Si Bungsu”, “Surat”, jeung “Salju dina Bulu Panon”. **Aspék sosial politik** kapaluruh dina carita “Goong téh Kaimpi Totos”, “Rusiah”, “Nu Ngaraliwat”, “Si Bungsu”, “Surat”. **Aspék sosial moral** kapaluruh dina carita “Halis Pasir”, “Goong téh Kaimpi Totos”, “Buah”, “Nu Niruk Jajantung”, “Rusiah”, “Diantos di Sarayévo”, “Incok”, “Si Bungsu”, “Baju Pangantén Pulas Emas”, “Salju dina Bulu Panon”, “Karémbong Srangéngé”.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkérana. Sok sanajan aya kahéngkéranna, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngabeungharan pangaweruh dina ulikan sastra Sunda, utamana dina ulikan objéktif, mimétik jeung aspék sosial.

5.3 Rékoméndasi

Aya sababaraha saran atawa rékoméndasi nu disusun ku panalungtik pikeun pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, pikeun guru, jeung masarakat umum. Panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar sarta dipiharep bisa nalungtik ngagunakeun pamarekan séjén. Pikeun guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun jadi pilihan dina nangtukeun bahan bacaan nu ngandung ajén inajén nu hadé. Masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh utamana ngeunaan karya sastra ku cara loba maca karyana, sarta bisa jadi eunteung dina kahirupan sapopoé di masarakat.